# Global Storybooks

globalstorybooks.net

## Zama se yon pakèt moun

Michael Oguttu
Vusi Malindi
ACE Haiti-University of Notre Dame USA

This work is licensed under a Creative Commons Attribution 3.0 International License.
https://creativecommons.org/licenses/by/3.0

# Zama se yon pakèt moun



Michael Oguttu
Vusi Malindi
ACE Haiti-University of Notre Dame USA
2
krèyol ayisyen ht



Ti frè'm leve ta. Mwen leve bonè paske'm se yon pakèt moun!



Se mwen ki kite solèy lan rantre nan kay la.



Manman’m konn di’m “Ou se zetwal maten’m nan”.





Mwen fè tout bagay sa yo chak jou men sam pito fè nan tout se jwe… jwe… jwe!




Nan klas la, mwen fè tout sam kapab pou mwen sòti pwemye.





Mwen fè twalèt mwen pou kònt mwen. Mwen pa bezwen moun pou ede’m.



Mwen fè twalèt mwen ak dlo frèt enpi savon ble santifò.





Enpi, mal rakonte ti frè mwen tout istwa sou lekòl lan.



Mwen kapab boutonnen rad mwen ak mare soulye’m pou kont mwen.





Manman’m fè’m sonje, “Pa bliye dan ou.” Mwen reponn li “Jamè, mwen pap janm bliye!”.



Apre sa a, mwen abiye pou kont mwen. Mwen di manman'm « Mwen granmoun koulyè a »





Lè'm fin fè twalèt mwen, mal salye granpapa'm ak matant mwen pou'm di yo bonjou.